

# REZIME EGZEKITIF

An janvye 2010, aprè ensidan vyolans yo ki te fè kont etidyan imigran Azyatik yo nan Sid Philadelphia Lekòl Segondè, Komisyon Philadelphia Sou Relasyon Moun (PCHR) te kòmanse yon seri ki te genyen 11 odyans pandan yon ane pou reponn lòd yo te pase nou pou adrese konfli ant gwoup ak reklamasyon diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, ak ki sèks moun idantifye tèt yo, relijyon, orijin nasyonal, zansèt, laj, andikap, eta sivil, oswa sous revni li. Objektif la se te pou tandè nan bouch paran, pwofesè, etidyan, direktè ak lòt manm nan kominote a menm sou eksperyans yo nan zafè konfli ant gwoup nan lekòl Philadelphia yo. Sa Komisyon an konprann tankou konfli ant gwoup kouvri diferan konpòtman ki pa jis, ki derespektan ak agresif ki kapab blese etidyan an emosyonèlman ak fizikman epi genyen yon move efè nan kapasite timoun nan pou aprann. San trant temwen te vini pou pataje sa yo panse, epi Komisyon an te resevwa yon lòt 40 deklarasyon moun te ekri. Nou te pran travay sa a pou montre etidyan yo pou aksepte divèsite paske li pa sèlman yon obligasyon sosyal ak ekonomik, li se yon obligasyon moral.

Odyans lan te montre nou gwo konviksyon moun ki te vin temwaye yo te genyen. Komisyon an te aprann konfli ant gwoup se yon gwo pwoblèm nan tout sistèm Distri Lekòl Philadelphia a ki bezwen yon solisyon nan tout sistèm nan. Konfli, ni vèbal ak fizik, repete nan plizyè lekòl. Temwayaj yo te devwale kijan, twò souvan, Distri a pa fè ase pou anpeche ak rezoud kalite konfli sa yo epi bonjan aksè ak lang - yon dwa legal - fè sityasyon an vin pi grav. Nou tandè temwayaj ki montre regleman zewo tolerans pou sispenn etidyan otomatikman deyò lekòl kapab, yon bagay Distri a depann sou li, pa bese tansyon ant gwoup. Nenpòt lè li enpoze disiplin, Distri a dwe asire li disiplin sa yo konstruktif ak nan mezi konpòtman an epi yo pa sèlman la pou pini. Nou te aprann yo pa itilize ase estrateji ki efikas ak pozitif tankou entèvansyon ak etidyan yo, soutyen pou konpòtman pozitif, ak jistis pou repare oswa yo pa enplemante yo menm.

Malgre sa etidyan yo te pale sou efò ki dinamik ak pozitif y ap patisipe, ak asistans majè yo ki bay yo soutyen pou rezoud konfli ak lapè. Nou te tandè pale lekòl kote pwofesè ak anplwaye yo fè anpil efò pou bati pon ak modèl konpòtman kote youn respekte lòt. Nou te wè modèl pwogram ki baze sou kominote kote jèn moun ki soti diferan kote kapab wè kijan yo gen bagay an komen nan enterè yo pataje ansanm.

Malgre efò pozitif sa yo, toujou genyen anpil konfli ant gwoup ki poko rezoud. Men Komisyon an gen anpil lespwa rapò sa a, ak rekòmandasyon yo ki ladan l, pral pouse Distri a pou li fè rezoud, swiv, ak anpeche konfli yo ant gwoup yon gwo priorite. La p enpòtan anpil pou Distri a aji pou bati yon klima ki gen respè ak tolerans toupatou nan lekòl yo nan Vil la pou agrandi gwoup nou enkyete pou yo a kote yo mete tout jenn moun ki soti tout kote k ap abite nan Philadelphia yo ladan.

## REZILTA

**REZILTA 1** Konfli ant gwoup se yon gwo pwoblèm toupatou nan lekòl piblik Philadelphia ki deranje fason etidyan yo aprann.

**REZILTA 2** Regleman Distri a pa bay yon ankadremman ki klè ak konsistan pou anpeche ak rezoud konfli ant gwoup, epi regleman sa yo pa enplemante yon fason ki òganize, ni yo pa kominike yo yon fason ki klè.

**REZILTA 3** Distri a te depann sou yon regleman disiplin zewo tolerans, men regleman sa a izole etidyan epi li gen yon move efè sou klima lekòl la. Distri a poko pwofite nèt sou mwayen ki pi konstruktif, ki gen soutyen pou konpòtman ki pozitif, entèvansyon ak etidyan yo, ak apwòch jistis pou repare.

**REZILTA 4** Yo pa pibliye regleman ak resous sou aksè pou lang yo toupatou epi pa genyen ase pou satisfè bezwen tout etidyan ak fanmi ki gen dwa pou jwenn aksè ak sèvis langaj legalman.

**REZILTA 5** Etidyan yo se ajan pou chanjman pou bese konfli ant gwoup ak ankourajman pou amoni ant gwoup yo.

**REZILTA 6** Pwofesè ak gwoup kominote yo bati pon ant diferan gwoup jèn yo epi yo kreye anviwonman lekòl ki bay soutyen.

**REZILTA 7** Temwen yo te bay egzanp sou apwòch pou anpeche konfli ant gwoup nan Philadelphia ki te konvenk nou anpil.

**REZILTA 8** Temwen yo te bay rekòmandasyon enpòtan pou rezoud konfli ak adrese asèlman ki gen pou wè avèk diskriminasyon.